

## **Wujud, Guna, lan Kalungguhane Kriya Tanduk**

**Fitri Wijayanti**

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA ( [Fitriwijayasambudi@gmail.com](mailto:Fitriwijayasambudi@gmail.com) )

### **Abstrak**

Panliten tumrap kriya tanduk wis akeh dilakoni dening para pamarsudi basa, nanging olehe ngrembug isih sarwa cethek, cekak lan kurang cetha. Kriya tanduk kang diandharake dening para ahli basa iku mau mung winates ing titikan lan jinise. Kamangka, sajrone pangenggone ing ukara kriya tanduk nduweni guna lan kalungguhan. Mula saka iku, ing panliten iki bakal dirembug wujud, guna, lan kalungguhane kriya tanduk.

Punjere panliten iki yaiku babagan kriya tanduk. Dene, kang dadi underane prekara yaiku, (1) Kepriye wujude kriya tanduk?; (2) Kepriye gunane kriya tanduk?; lan (3) Kepriye kalungguhane kriya tanduk?. Adhedhasar prekara kasebut, mula kang dadi tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake kriya tanduk, mligine yaiku: (1) ngandharake wujude kriya tanduk; (2) ngandharake gunane kriya tanduk; lan (3) ngandharake kalungguhane kriya tanduk.

Panliten ngenani wujud, guna lan kalungguhan kriya tanduk iki kagolong panliten kang asipat deskriptif. Teori kang digunakake yaiku triaspek sintaktis babagan wujud (*kategori*), guna (*fungsi*), lan kalungguhan (*peran*). Dhata kang dinggo ing panliten iki yaiku kriya tanduk. Sumber dhatane arupa ukara kang nggunakake tembung kriya tanduk kang dijupuk saka cerbung “Rembulan Ndhuwur Blumbang” anggitane Narko Sodrun Budiman ing kalawarti Jayabaya No.08 Minggu IV Oktober 2011 nganti No.37 Minggu II Mei 2012. Tata cara nglumpukake dhata nganggo metodhe semak. Tata cara ngolah dhata dilakoni kanthi tahap *transkripsi* dhata, *verifikasi* dhata, *klasifikasi* dhata, lan *penafsiran* dhata. Dene tata cara nulis asile panliten nggunakake cara formal lan informal.

Wujude kriya tanduk ing panliten bisa diperang dadi pitu, 7, yaiku wantah tanpa anuswara, wantah mawa anuswara, {N-} + lingga + {-i}, {N-} + lingga + {-ake}, lingga + {-a}, lingga {-na}, dan {N-} + lingga + {-a}. Peran yang disandang kata kerja aktif dikelompokkan menjadi dua kelas, yaitu kelas utama dan kelas turunan. Guna kriya tanduk sajrone ukara yaiku minangka guna wasesa. Wasesa mujudake guna inti kang dadi punjere konstituen. Wasesa digunakake bebarengan klawan guna pandhamping liya, kayata jejer, lesan, geganep, utawa katrangan sajrone ukara. Kalungguhane kriya tanduk diperang dadi loro, yaiku kelas utama lan kelas turunan. Kalungguhan ing kelas utama diperang dadi telu, yaiku tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, lan tanduk kekriya. Kalungguhan ing kelas turunan diperang dadi papat, yaiku pakon tanduk, patanya tanduk, pangajak tanduk, dan pangarep-arep tanduk.

**Tembung wigati (kata kunci) : wujud, guna, kalungguhan, kriya tanduk**

### **A. PURWAKA**

Ing basa Jawa, ana patang jinis *diatesis*, yaiku tanduk (*aktif*), tanggap (*pasif*), baliangga (*refleksif*), lan tanggap tarung (*resiprokal*) (Sudaryanto, 1991: 10). Saben *diatesis* kasebut uga nduweni turunan. Bab kasebut gageyutan klawan gunggung lan jinise argument sarta wujud morfemik tembung kriya kang ngisi wasesa.

Saka patang *diatesis* kasebut, dipilih *diatesis* tanduk nduweni wasesa tembung kriya tanduk kanthi jejere minangka paraga (*agentif*). Ing tembung kriya tanduk mawa lesan, lesane bisa arupa sasaran (*objektif*) utawa pasien. Mula saka kuwi, tembung kriya tanduk dipilih dadi objek panliten amarga nduweni guna minangka wasesa sajrone *diatesis* tanduk. *Fungsi* wasesa nduweni kalungguhan kang paling gedhe tinimbang *fungsi* liyane (Sudaryanto, 1991:126). Wasesa mujudake bebaku kang nggandheng jejer ing sakiwane, lan menawa ana, angga lesan, panggenah, apa dene katrangan kang dadi pambanguning ukara mapane ing satengahe (Subagyo, 2009:37). Saka bab kasebut bisa diwastani yen

gunane wasesa minangka punjer saka liyane. Saliyane iku, sasuwene iki panliten kang ngrembug kriya tanduk akeh-akehe isih winates ing babagan tuladha, proses morfemis, lan wujude.

Kriya tanduk ing panliten iki digunakake saka basa Jawa umume. Panliten kang ngrembug proses morfemis kriya tanduk bisa dideleng saka panliten kanthi irah-irahan *Morfosintaksis Basa Jawa* dening Suwadji (1986). Panliten iki ngrembug sithik ngenani *afiksasi* tembung kriya tanduk basa Jawa minangka salah sawijine tuladhané. Sajrone *afiksasi* tembung kriya tanduk kasebut diandharake proses morfemis lan makna kang kinandhut saka kriya tanduk kasebut. Proses morfemise kriya tanduk kadhapuk saka ater-ater anuswara {N-}, ater-ater anuswara {N-} lan panambang {-i}, utawa ater-ater anuswara {N-} lan panambang {-ake}.

Kriya tanduk ora mung narik kawigaten saka proses morfemise. Saka proses morfemise kasebut, kriya tanduk bisa kaperang dadi tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, tanduk kekriya, pakon tanduk wantah, pakon

tanduk ikriya, lan pakon tanduk kekriya (tandhingake Antunsuhono, 1953:53-60). Ing pangenggone sajrone ukara, ana kriya tanduk kang mbutuhake lesan lan ana kang ora mbutuhake lesan. Bab iki dijalari anane kadhar *ketransitivan* kang diduwensi kriya tanduk. Mula adhedhasar *ketransitivan* kriya tanduk diperang dadi papat yaiku, kriya tanduk tanpa lesan (*intransitif*), kriya tanduk mawa geganep (*semitransitif*), kriya tanduk mawa lesan (*ekatransitif*), lan kriya tanduk mawa lesan lan geganep (*dwitransitif*). Kadhar *ketransitivan* kriya tanduk kasebut ditemokake saka cacahé konstituen pandhamping tembung kriya kang ngisi wasesa.

Sasuwene iki, panliten tumrap kriya tanduk wis tau ditliti kanthi irah-irahan *Ukara Tanduk Tanpa Lesan* dening Astoria (2009). Babagan kriya tanduk kasebut diandharake sithik ngenani titikan lan jinis ukara tanduk tanpa lesan. Anggone ngandharake kriya tanduk sajrone panlitene uga durung nganti kalungguhan kang disandhang dening konstituen pandhampinge.

Panliten kang arep ditindakake iki bakal nliti ukara-ukara kang nggunakake kriya tanduk banjur dijilentrehake nggunakake triaspek sintaktis. Panliten kriya tanduk kang nggunakake triaspek sintaktis iku wis ana, yaiku panliten kanthi irah-irahan *Valensi Sintaktis Bahasa Jawa* dening Adipitoyo (2013). Panliten iki ngandharake *diatesis*, *ketransitivan*, lan *keragaman valensi sintaktis bahasa Jawa* kanthi nyuguhake saperangan dhata utawa tuladha nggunakake kriya tanduk. Dhata kang disuguhake uga winates mung adhedhasar *ketransitivan* kriya tanduk. Saka panliten kasebut bisa diweruhi yen panglompokan kriya tanduk kang mligi adhedhasar kalungguhan tembung kriyane, yaiku sajrone ukara carita (tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, lan tanduk kekriya), pakon tanduk, patanya tanduk, pangajak tanduk, pangarep-arep tanduk, panjaluk tanduk, prajanji tanduk, lan pepindhan (upama) tanduk kanthi triaspek sintaktis durung tau ditliti.

Kriya tanduk ing panliten iki ditliti saka sumber dhata tinulis dudu dhata lisan. Bab iki dijalari struktur basa tulis luwih sampurna senajan dhata tulis iku mujudake dhata skunder. Sajrone dhata kang arupa tulisan mesthi wis ana pangangen-angen kang luwih jeru, saengga yen ana panganggone basa kang strukture kurang pener bakal diowahi dhisik kanthi *diedit* utawa disunting basane. Ing kene, panlti coba nliti panganggone basa kanthi tulis. Dhata tulis kasebut asale saka cerbung "Rembulan Nduwur Blumbang" anggitane Narko Sodrun Budiman. Reriptan saka Narko Sodrun Budiman kasebut nggunakake basa padinan saengga masyarakat pamaos bisa luwih gampang anggone mangertenis isine. Dhata saka panliten iki arupa ukara-ukara kang nggunakake kriya tanduk. Ukara-ukara kang wis dikumpulake banjur *diklasifikasi* lan dijupuk saperangan

dhata kanggo *sampel* dhata paliten. Sabanjure *sampel* dhata kasebut dijilentrehake kanthi triaspek sintaktis.

## B. METODHE

Penliten iki mujudake panliten deskriptif. Sumber dhata ing panliten iki yaiku ukara kang nggunakake kriya tanduk kang dijupuk saka cerbung "Rembulan Nduwur Blumbang" anggitane Narko "Sodrun" Budiman sajrone kalawarti Jayabaya No.08 Minggu IV Oktober 2011 nganti No. 37 Minggu II Mei 2012. Dene dhata kang dienggo sajrone panliten iki yaiku tembung kriya tanduk. Panlti minangka instrumen utama sajrone panliten iki.

Tata cara kang dienggo kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake semak. Metodhe semak digunakake kanggo nyemak panganggone basa kanthi tinulis. Tata cara ngolah dhata ing panliten iki diperang-perang dadi papat, yaiku *transkripsi* dhata, *verifikasi* dhata, *kalisikasi* dhata, lan *penafsiran* dhata. Tata cara nulis asile panliten ing kene yaiku kanthi cara informal lan formal.

## C. ANDHARAN

### 1. Wujude Kriya Tanduk

Kriya tanduk kalebu ing *kategori* tembung kriya. Ing panliten iki mung tinemu pitung wujude kriya tanduk, yaiku wantah tanpa anuswara (kriya lingga), {N-} + lingga, {N-} + lingga + {-i}, {N-} + lingga + {-ake}, lingga + {-a}, lingga + {-na}, lan {N-} + lingga + {-a}. Saben wujude kriya tanduk kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### a. Lingga tanpa Anuswara

Kriya tanduk awujud lingga tanpa anuswara ateges kriya tanduk kasebut asli ora owah saka linggane. Ora kawuwuhan ter-ater, panambang, apadene seselan. Lumrahe kriya tanduk kang kaya mangkono diarani tanduk kriya wantah tanpa anuswara. Tuladhané bisa dideleng ing ngisor iki.

(1) Purnomo mung manthuk.

TA TKt TK  
(RNB 2, JB 09 2011)

(2) Dartirini tuku majalah wanita.

TA TK GA  
(RNB 11, JB 18 2012)

(3) Anisah weruh Pur lan Septiani.

TA TK GA  
(RNB 29, JB 36 2012)

Tembung kriya *manthuk*, *tuku*, lan *weruh* mujudake kriya tanduk kang wujude lingga. Telung tembung kasebut kalebu tembung kriya wantah tanpa ater-ater anuswara. Konstituen pandhampinge yaiku *Purnomo* (1), *Dartirini* (2), lan *Anisah* (3) kang awujud tembung aran. Telu-telune mujudake *insani* kang nduweni nyawa kang nindakake pakaryan. Konstituen

pandhamping liyane yaiku *majalah wanita* (2) lan *Purlan Septiani* (3), kekarone awujud gatra aran.

#### b. {N-} + Lingga

Kriya tanduk awujud lingga kawuwuhan anuswara ateges kriya tanduk kasebut kadhapuk saka tembung lingga kawuwuhan ater-ater anuswara. Lumrahe diarani tanduk kriya wantah nganggo anuswara. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Kasan Sunar lagi ngarit.

TA TKt TK  
(RNB 9, JB 16 2011)

- (2) Faza mlayu.

TA TK  
(RNB 9, JB 16 2011)

- (3) Anisah njerit.

TA TK  
(RNB 19, JB 26 2012)

- (4) Bocah kuwi noleh.

TS TK  
(RNB 24, JB 31 2012)

- (5) Miko motret.

TA TK  
(RNB 29, JB 36 2012)

- (6) Manuk-manuk padha ngoceh.

TA TKt TK  
(RNB 23, JB 30 2012)

Tembung kriya *ngarit*, *mlayu*, *njerit*, *noleh*, *motret*, lan *ngoceh* mujudake tembung lingga. Pitung tembung kasebut kadhapuk saka tembung lingga *arit*, *playu*, *jerit*, *toleh*, *potret*, lan *oceh* kang diwuwuhi ater-ater anuswara. Mula pitung tembung kasebut diwastani tanduk kriya wantah nganggo anuswara. Konstituen pandhampinge yaiku *Kasan Sunar*, *Faza*, *Anisah*, *Miko*, lan *manuk-manuk* awujud tembung aran; *bocah kuwi* ing dhata awujud tembung sesulih; dene *lagi* lan *padha* awujud tembung katrangan.

#### c. {N-} + Lingga + {-i}

Kriya tanduk kanthi wujud {N-} + lingga + {-i} ateges kriya tanduk kasebut asale saka tembung lingga kang kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang {-i}. Lumrahe diarani tanduk ikriya. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Purnomo uga menehi keplok.

TA TKt TK TA  
(RNB 2, JB 9 2011)

- (2) Miko menehi nomer sing wis mati.

TA TK GA  
(RNB 22, JB 69 2012)

- (3) Faza marani ibune.

TA TK TS  
(RNB 6, JB 13 2011)

- (4) Bocah bagus kuwi nggoleki ibune.

TS TK TS  
(RNB 8, JB 15 2011)

- (5) Anisah nyalami wong tuwane.

TA TK TS

(RNB 21, JB 68 2012)

- (6) Anisah ngringkesi dagangane.

TA TK TS

(RNB 22, JB 69 2012)

- (7) Miko nandangi kuwajibane saben dina.

TA TK TS TAc

(RNB 68, JB 35 2012)

Tembung kriya *menehi*, *marani*, *nggoleki*, *nyalami*, *ngringkesi*, lan *nandangi* mujudake kriya tanduk kang asale saka tembung lingga *weneh*, *paran*, *golek*, *salam*, *ringkes*, lan *tandang* kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang {-i}. tembung kriya kasebut kalebu tanduk ikriya.

#### d. {N-} + Lingga + {-ake}

Kriya tanduk kang wujude {N-} + lingga + {-ake} ateges tembung kriya kasebut kadhapuk saka tembung lingga kang kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang {-ake}. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Miko ngidungake pangrumrume ati.

TA TK GA  
(RNB 14, JB 21 2012)

- (2) Tulus nyebutake nomer hapene.

TA TK TS  
(RNB 16, JB 23 2012)

- (3) Anisah nyritakake lelakone.

TA TK TS  
RNB 28, JB 35 2012

Tembung kriya *ngidungake*, *nyebutake*, lan *nyritakake* mujudake kriya tanduk kang kadhapuk saka tembung lingga *kidung*, *sebut*, lan *crita* kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang {-ake}. Tembung kriya *ngidungake*, *nyebutake*, lan *nyritakake* kalebu tanduk kekriya.

#### e. Lingga + {-a}

Kriya tanduk kanthi wujud lingga + {-a} ateges kariya tanduk kasebut kadhapuk saka tembung kriya lingga kang kawuwuhan panambang {-a}. Kriya tanduk kang kaya mangkono diarani pakon tanduk wantah. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Muliha dnewe!

TK TKt

(RNB 21, JB 28 2012)

- (2) Muliha, saiiki!

TK TS

(RNB 26, JB 33 2012)

- (3) Tekaa neng omahku!

TK TAc TS

(RNB 26, JB 33 2012)

Tembung kriya *muliha* lan *tekaa* mujudake kriya tanduk kang kadhapuk saka tembung kriya lingga *mulih* lan *teka* kawuwuhan panambang {-a}. Tembung kriya *muliha* lan *tekaa* kalebu pakon tanduk wantah.

#### f. Lingga + {-na}

Kriya tanduk kanthi wujud lingga + {-na} ateges kriya tanduk kasebut kadhapuk saka tembung lingga kawuwuhan panambang {-na}. Kriya tanduk kang kaya mangkono diarani pakon tanduk kekriya. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Mbak, sesuk gawakna sprei!  
TS TK TA  
(RNB 18, JB 25 2012)
- (2) Ndang kandhakna!  
TKt TK  
(RNB 18, JB 25 2012)
- (3) Wenehna simbokmu ae, Nis!  
TK TS  
(RNB 19, JB 26 2012)
- (4) Nis, delokna BPKB motor neng buffet!  
TK GA TAc TA  
(RNB 23, JB 30 2012)

Tembung kriya *gawakna*, *kandhakna*, *wenehna*, lan *delokna* mujudake kriya tanduk kang kadhapuk saka tembung lingga *gawa*, *kandha*, *weneh*, lan *delok* kawuwuhan panambang {-na}. Tembung kriya *gawakna*, *kandhakna*, *wenehna*, lan *delokna* kalebu pakon tanduk kekriya.

#### g. {N-} + Lingga + {-a}

Kriya tanduk kanthi wujud {N} + lingga + {-a} ateges kriya tanduk kasebut kadhapuk saka tembung lingga kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang {-a}. Kriya tanduk kasebut diarani pakon tanduk wantah. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Bar Magriban nyusula neng  
GAc TK TAc  
omahe Anisah!  
TS  
(RNB 19, JB 26 2012)
- (2) Wis, saiki ngomonga!  
TKt TS TK  
(RNB 20, JB 27 2012)

Tembung kriya *nyusula* lan *ngomonga* mujudake kriya tanduk kang kadhapuk saka tembung lingga *susul* lan *omong* kawuwuhan ater-ater anuswara lan panambang {-a}. Tembung kriya *nyusula* lan *ngomonga* kalebu pakon tanduk wantah.

## 2. Gunane Kriya Tanduk

Gunane kriya tanduk yaiku minangka wasesane ukara. Wasesa mujudake punjere konstituen sajrone ukara. Wasesa tansah bebarengan klawan guna liyane, ing antarane yaiku jejer, lesan, geganepe, lan katrangan. Supaya luwih cetha ngenani kriya tanduk minangka wasesa lan konstituen pandhamping kang ngisi guna liyane, mula gatekna tuladha ing ngisor iki.

- (1) Kasan Sunar lagi ngarit.  
J W  
(RNB 9, JB 16 2011)

#### (2) Faza mlayu.

J W  
(RNB 9, JB 16 2011)

#### (3) Anisah njerit

J W  
. (RNB 19, JB 26 2012)

Dhata ukara ing ndhuwur kadhapuk saka rong konstituen kanthi struktur ukara J-W. Tembung kriya *lagi ngarit*, *mlayu*, lan *njerit* kadhapuk dadi wasesane ukara, mula konstituen kasebut dadi punjere konstituen. Konstituen pandhampinge yaiku *Kasan Sunar*, *Faza*, lan *Anisah* kadhapuk dadi jejere ukara. Saka struktur ukarane dhata ing ndhuwur yaiku J-W lan tembung kriya *lagi ngarit*, *mlayu*, lan *njerit* kadhapuk saka lingga kawuwuhan ater-ater anuswara, mula tembung kriya *lagi ngarit*, *mlayu*, lan *njerit* kalebu tanduk kriya wantah tanpa lesan.

Ing panliten iki, uga tinemu dhata arupa ukara kang awasesa kriya tanduk mawa geganepe. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

#### (4) Anisah noleh anane swara.

J W G  
(RNB 15, JB 22 2012)

#### (5) Pur nembang karaoke.

J W G  
(RNB 16, JB 23 2012)

#### (6) Septiani ngucap lirih.

J W G  
(RNB 7, JB 14 2011)

#### (7) Kupu-kupu mencok kembang.

J W G  
(RNB 23, JB 30 2012)

#### (8) Ana wong loro ngrembug utang.

J W G  
(RNB 21, JB 28 2012)

#### (9) Ana wong ngirim

J W  
panganan lan banyu putih.  
G  
(RNB 27, JB 34 2012)

Dhata (124)-(129) kadhapuk kanthi telung konstituen inti knthi struktur ukara J-W-G. Tembung kriya *noleh*, *nembang*, *ngucap*, *mencok*, *ngrembug*, lan *ngirim* kadhapuk minangka wasesane ukara, mula dadi punjere konstituen. Konstituen pandhampinge yaiku *Anisah*, *Pur*, *Septiani*, *kupu-kupu*, *ana wong loro*, lan *ana wong ngirim* kang kadhapuk dadi jejere ukara. Konstituen pandhamping sijine yaiku *anane swara*, *karaoke*, *lirih*, *kembang*, *utang*, lan *panganan lan banyu putih* kang kadhapuk dadi geganepe ukara. Tembung kriya *noleh*, *nembang*, *ngucap*, *mencok*, *ngrembug*, lan *ngirim* kalebu tanduk kriya wantah mawa geganepe jalanan ora nduweni panambang lan konstituen awujud tembung aran utawa gatra aran ing saburine wasesa ora dadi lesan nanging geganepe.

Konstituen *anane swara, karaoke, lirih, kembang, utang, lan panganan lan banyu putih* ing dhata kasebut ora bisa dadi jejer sajrone *parafrase* tanggap. Setitekake konstruksi kang ora tinampa (\*) ing ngisor iki.

- (4a) Anane swara ditoleh Anisah. \*)
- (5a) Karaoke ditembang Pur. \*)
- (6a) Lirih diucap Septiani. \*)
- (7a) Kembang dipencok kupu-kupu. \*)
- (8a) Utang dirembug ana wong loro. \*)
- (9a) Panganan lan banyu putih dikirim ana wong. \*)

Ing panliten iki uga tinemu dhata kriya tanduk mawa lesan. Tuladhane bisa dideleng ig ngisor iki.

- (10) Kucing kuwi nyawang Faza.

J            W            L  
(RNB 5, JB 12 2011)

- (11) Anis nglirik Pur.

J            W            L  
(RNB 5, JB 12 2011)

- (12) Anisah nyawang Faza.

J            W            L  
(RNB 9, JB 16 2011)

- (13) Anis isih ngekep Faza.

J            W            L  
(RNB 14, JB 21 2012)

- (14) Anisah nilpun polisi.

J            W            L  
(RNB 16, JB 23 2012)

- (15) Faza mondhang kucing.

J            W            L  
(RNB 17, JB 24 2012)

- (16) Anisah ndulang Faza.

J            W            L  
(RNB 22, JB 29 2012)

Dhata (10)-(16) kadhapuk saka telung konstituen inti kanthi struktur ukara J-W-L. Tembung kriya *nyawang* (10), *nglirik, nyawang* (12), *isih ngekep, nilpun, mondhang,* lan *ndulang* kadhapuk dadi wasesane ukara, mula dadi punjere konstituen. Konstituen *kucing kuwi* (10), *Anis* (11), *Anisah* (12), *Anis* (13), *Anisah* (14), *Faza* (15), lan *Anisah* (16) kadhapuk dadi jejere ukara. Konstituen pandhamping sijine yaiku *Faza* (10), *Pur* (11), *Faza* (12), *Faza* (13), *polisi* (14), *kucing* (15), lan *Faza* (16) kadhapuk minangka lesane ukara. Tembung kriya *nyawang* (10), *nglirik, nyawang* (12), *ngekep, nilpun, mondhang,* lan *ndulang* kalebu tanduk kriya wantah mawa lesan jalaran ora nganggo panambang lan nduweni tembung aran ing samburine wasesa minangka lesane.

Konstituen *Faza* (10), *Pur* (11), *Faza* (12), *Faza* (13), *polisi* (14), *kucing* (15), lan *Faza* (10) bisa dadi jejer sajrone *parafrase* tanggap, gatekna konstruksi ing ngisor iki.

- (10a) Faza disawang kucing kuwi.

J            W            L

- (12a) Pur dilirik Anis.

J            W            L

- (13a) Faza disawang Anisah.

J            W            L

- (14a) Faza isih dikekep Anis.

J            W            L

- (15a) Polisi ditilpun Anisah.

J            W            L

- (16a) Kucing dipondhong Faza.

J            W            L

- (17a) Faza didulang Anisah.

J            W            L

Dhata arupa tanduk kriya wantah mawa lesan ing panliten iki uga digunakake bebarengan klawan angga katrangan sajrone ukara. Ing kene tinemu tanduk kriya wantah mawa lesan kanthi katrangan panggonan. Katrangan panggonan mujudake katrangan kang ngandharake panggonan utawa papane kedadeyan utawa kahanan. Tembung cancer-cancer kang dienggo uga maneka werna ing antarane kayata, *ing, ana ing, saka, menyang, nganti, ing kana, lan sapiturute.* Katrangan panggonan uga padha kayadene katrangan liyane kang sinebut minangka guna tambahan amarga konstituen kang ora inti kang bisa diilangake tanpa ngrusak pola utawa struktur ukara lamba. Gatekna ukara ing ngisor iki.

- (17) Anisah nuntun Faza menyang ngarep.

J            W            L            K  
(RNB 9, JB 16 2011)

- (18) Anisah ngudheg wedang kopi neng gelas.

K  
(RNB 11, JB 18 2012)

Dhata (17) lan (18) kadhapuk saka patang konstituen, yaiku telung konstituen inti lan siji konstituen ora inti kanthi struktur ukara J-W-L-K. Tembung kriya *nuntun* lan *ngudheg* kadhapuk dadi wasesane ukara, mula dadi punjere konstituen. Konstituen pandhamping yaiku *Pur* lan *Anisah* kadhapuk dadi jejere ukara. Konstituen pandhamping sijine yaiku *Faza* lan *wedang kopi* minangka lesane ukara. Konstituen ora inti yaiku *menyang ngarep* lan *neng gelas* minangka katrangan panggonan. Konstituen *menyang ngarep* lan *neng gelas* minangka konstituen kang ora inti mula bisa diilangake saka strukture:

- (17a) Anisah nuntun Faza.

J            W            L

- (18a) Anisah ngudheg wedang kopi.

J            W            L

Tembung kriya *nuntun* lan *ngudheg* ing dhata (17) lan (18) kalebu tanduk kriya wantah mawa lesan jalaran ora nganggo panambang lan nduweni tembung aran utawa gatra aran ing samburine wasesa minangka

lesane. Konstituen *Faza* lan *wedang kopi* bisa dadi jejer sajrone *parafraze* tanggap, gatekna konstruksi ing ngisor iki.

(17b) Faza dituntun Anisah

J	W	L
<u>menyang ngarep.</u>		
K		

(18b) Wedang kopi diudheg Anisah

J	W	L
<u>neng gelas.</u>		
K		

Struktur ukara kang luwihi maneka uga tinemu ing panliten iki. Tuladhane ana ing ukara awasesa kriya tanduk mawa lesan sarta geganep. Gatekna tuladha ing ngisor iki.

(19) Pak Kadir nyawang Anisah

J	W	L
<u>kedhep tesmak.</u>		
G		

(RNB 6, JB 13 2011)

(20) Anisah nyuguh omben

J	W	G
<u>Bastomi lan Tulus.</u>		
L		

(RNB 16, JB 23 2012)

Dhata (19) lan (20) kadhapuk saka patang konstituen inti kanthi struktur ukara J-W-L-G (19) lan J-W-G-L (20). Tembung kriya *nyawang* lan *nyuguh* kadhapuk dadi wasesane ukara, mula dadi punjere konstituen. Konstituen pandhampinge yaiku *Pak Kadir* lan *Anisah* kadhapuk dadi jejere ukara, konstituen *Anisah* lan *Bastomi lan Tulus* kadhapuk lesane ukara, dene konstituen *kedhep tesmak* lan *omben* kadhapuk dadi geganep ukara. Tembung kriya *nyawang* lan *nyuguh* kalebu tanduk kriya wantah mawa lesan sarta geganep jalaran ora kawuwuhan panambang lan nduwensi rong tembung aran utawa gatra aran minangka lesan lan geganep.

Konstituen *Anisah* lan *Bastomi lan Tulus* ing dhata (19) lan (20) dadi jejer sajrone *parafraze* tanggap, gatekna konstruksi ing ngisor iki.

(19a) Anisah disawang Pak Kadir

J	W	L
<u>kedhep tesmak.</u>		
G		

(20a) Bastomi lan Tulus disuguh omben

J	W	G
<u>Anisah.</u>		
L		

### 3. Kalungguhane Kriya Tanduk

Kalungguhane kriya tanduk diperang dadi rong kelas, yaiku kelas utama lan kelas turunan. Kalungguhan ing kelas utama diperang dadi telu, yaiku tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, lan tanduk kekriya. Kalungguhan ing kelas turunan diperang dadi 4, ing antarane yaiku

pakon tanduk, patanya tanduk, pangajak tanduk, lan pangarep-arep tanduk. Luwih cethane saben perangan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### a. Kelas Utama

Kelas utama ing panliten iki diwujudake sajrone ukara carita. Sajrone ukara carita, kriya tanduk diperang dadi telu yaiku tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, lan tanduk kekriya. Saben perangan carita tanduk bakal diandharake ing ngisor iki.

#### 1) Tanduk Kriya Wantah

Tanduk kriya wantah yaiku tembung tanduk kang tanpa panambang. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

(1) Wong papat padha mlaku

Paraga tanduk kriya wantah  
tumuju mushola An-Nuur.  
panggonan  
(RNB 3, JB 10 2011)

(2) Anisah nglethak

Paraga tanduk kriya wantah  
ing sandhinge.  
panggonan  
(RNB 14, JB 21 2012)

(3) Anisah nginceng

Paraga tanduk kriya wantah  
saka kaca cendhela.  
panggonan  
(RNB 17, JB 24 2012)

Tembung kriya *mlaku*, *ngglethak*, lan *nginceng* mujudake tanduk kriya wantah amarga ora kawuwuhan anane panambang. Kalungguhane tembung kriya *mlaku*, *ngglethak*, lan *nginceng* sajrone ukara yaiku nuduhake anane kalungguhan aktif/ tanduk wantah. Kalungguhan kang disandhang dening konstituen *wong papat*, *Anisah*, lan *Anisah* yaiku minangka paraga. Dene konstituen *tumuju mushola An-Nuur*, *ing sandhinge*, lan *saka kaca cendhela* nuduhake kalungguhan papan/ panggonan.

#### 2) Tanduk Ikriya

Tanduk Ikriya yaiku tembung tanduk kang nganggo panambang {-i}. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

(1) Anisah nglambeni Faza.

Paraga tanduk ikriya pasien  
(RNB 6, JB 13 2011)

(2) Miko nakoni Faza.

Paraga tanduk ikriya pasien  
(RNB 25, JB 32 2012)

(3) Dhokter nyeluki kluwargane Pur.

Paraga tanduk ikriya pasien  
(RNB 27, JB 34 2012)

Tembung kriya *nglambeni* (1), *nakoni* (2), lan *nyeluki* (23) ing ndhuwur mujudake tanduk ikriya amarga kawuwuhan panambang {-i}. Klaungguhane sajone ukara yaiku aktif/ tanduk ikriya. Konstituen *Anisah*, *Miko*, lan *Dhokter* nduwensi kalungguhan minangka paraga; dene

*Faza, Faza, lan kluwargane Pur* nduweni kalungguhan minangka pasien.

### 3) Tanduk Kekriya

Tanduk kekriya yaiku tembung tanduk kang nganggo panambang {-ake}. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Anisah masakake Pur  
Paraga tanduk kekriya benefaktif lodho ayam.  
asil  
(RNB 12, JB 19 2012)
- (2) Septiani nukokake klambi  
Paraga tanduk kekriya sasaran anake Pur.  
benefaktif  
(RNB 7, JB 14 2011)

Tembung kriya *masakake* lan *nukokake* mujudake tanduk kekriya mujudake tanduk kekriya amarga nganggo panambang {-ake}. Kalungguhane sajrone uikara yaiku aktif/ tanduk kekriya. Konstituen *Anisah* lan *Septiani* nduweni kalungguhan paraga, *Pur* lan *anake Pur* nduweni kalungguhan benefaktif, dene konstituen *lodho ayam* lan *klambi* nuduhake kalungguhan asil lan sasaran.

#### b. Kelas Turunan

Kalungguhan kriya tanduk ing kelas turunan diperang dadi papat, ing antarane yaiku pakon tanduk, patanya tanduk, pangajak tanduk, lan pangarep-arep tanduk. Saben perangan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

##### 1) Pakon Tanduk

Pakon tanduk yaiku tembung kriya tanduk kang jejere dadi paraga sing dikon utawa oleh prentah. Pakon tanduk ana sajrone ukara pakon. Ukara pakon iku wedharing gagasane tumuju marang wong kang kapindo supaya nglakoni utawa nindakake pagaweyan. Ing panliten iki, pakon tanduk diperang dadi loro, yaiku arupa prentah lan arupa pamenging (ukara pamenging). Pakon tanduk arupa prentah diperang dadi telu, yaiku pakon tanduk wantah, pakon tanduk ikriya, lan pakon tanduk kekriya. Saben perangan pakon tanduk bakal diandharake ing ngisor iki.

##### a) Pakon Tanduk Arupa Prentah

Pakon tanduk arupa prentah ana telu, yaiku pakon tanduk wantah, pakon tanduk ikriya, lan pakon tanduk kekriya.

##### (1) Pakon Tanduk Wantah

Pakon tanduk wantah asale saka tembung tanduk wantah, dadine tembung pakon sarana diwuwuhi panambang {-a}. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Bar Magriban nyusula neng omahe Anisah! (RNB 19, JB 26 2012)

- (2) Wis, saiki ngomonga! (RNB 20, JB 27 2012)

Tembung pakon *nyusula* lan *ngomonga* mujudake pakon tanduk wantah amarga asale saka tembung tanduk wantah *nyusul* lan *ngomong*, owahe dadi tembung pakon sarana diwuwuhi panambang {-a}. Anane panambang {-a} ing tembung pakon tanduk wantah *nyusula* lan *ngomonga* ndadekake anane teges ngongkon utawa mrentah marang pawongan kang diajak guneman. Ing dhata (1), anane prentah utawa kongkonan marang pawongan kang diajak guneman supaya nyusul, dene ing dhata (2) nuduhake anane kongkonan supaya ngomong.

##### (2) Pakon Tanduk Ikriya

Pakon tanduk ikriya asale saka tembung tanduk ikriya, dadine tembung pakon sarana diwuwuhi panambang {-ana}. Ing panliten iki pakon tanduk ikriya ora tinemu ing dhata panliten. Mula saka kuwi ing panliten iki ora disuguhake dhata arupa pakon tanduk ikriya.

##### (3) Pakon Tanduk Kekriya

Pakon tanduk kekriya asale saka tembung tanduk kekriya, dadine tembung pakon sarana diwuwuhi panambang {-na}. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Mbak, sesuk gawakna sprei!  
(RNB 18, JB 25 2012)
- (2) Ndang kandhakna!  
(RNB 18, JB 25 2012)

Tembung pakon *gawakna* lan *kandhakna* mujudake pakon tanduk kekriya amarga asale saka tembung tanduk wantah *gawa* lan *kandha*, owahe dadi trmbung pakon sarana diwuwuhi panambang {-na}. Anane panambang {-na} ing tembung pakon *gawakna* lan *kandhakna* nuwuhake anane teges utawa karep ngongkon utawa mrentah. Ing dhata (1) dikarepake prentah supaya nggawakake, dene ing dhata (2) dikarepake anane prentah supaya ngandhakake marang pawongan liya kang diajak guneman.

##### b) Pakon Tanduk Arupa Pamenging

Pakon tanduk arupa pamenging ana sajrone ukara pamenging. Lumrahe digunakake tembung *aja* sajrone ukara kanggo negesake pamenginge wong kang ngajak guneman marang wong kang ngajak guneman. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Aja ngasari anakku!  
(RNB 20, JB 27 2012)

Dhata kasebut mujudake ukara pakon. Senajan tembung *ngasari* ora owah dadi tembung pakon tanduk ikriya kanthi diwuwuhi panambang {-ana}, nanging ukara kasebut kalebu ukara pakon jalanan anane tembung *aja* kang nuduhake maksud prentah/ kongkonan supaya ora ngasari/ tumindak kasar. Saliyane diwujudake arupa

tembung *aja*, ukara pamenging uga bisa diwujudake kanthi muwuhi tembung *ra usah*. Gatekna tuladha ing ngisor iki.

- (2) Ra usah takon! (RNB 19, JB 26 2012)

Tembung *takon* sajrone ukara ing ndhuwur nuduhake teges pakon jalaran ana tembung *ra* sing nuduhake anane pamenging supaya ora nglakoni tumindak takon.

## 2) Patanya Tanduk

Patanya tanduk yaiku tembung kriya tanduk kang ana sajrone ukara patanya/ pitakon. Ukara pitakon iku wedharing gagasan manungsa kepengin mangerti apa kang durung diweruhi. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Sapa sing arep golek silihian grabah? (RNB 1, JB 08 2011)
- (2) Sapa sing ngumbah, Buk? (RNB 15, JB 22 2012)

Tembung *golek* lan *ngumbah* ana sajrone ukara pitakon, mula kekarone kalebu patanya tanduk. Ukara pitakon kasebut dituduhake kanthi anane tembung *sapa* kang gunane kanggo nakokake araning wong. Tuladhane liya kang nuduhake anane maksud nakokake bab liyane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (3) Omong apa? (RNB 1, JB 08 2011)
- (4) Apa Pur ra isa golek dhewe? (RNB 4, JB 11 2011)
- (5) Apa Miko isih gelem nampa tilpune? (RNB 22, JB 29 2012)
- (6) Apa gunane mbayari pembantu? (RNB 8, JB 15 2011)
- (7) Ngomongake apa wae? (RNB 4, JB 11 2011)

Tembung *omong*, *golek*, *nampa*, *mbayari*, lan *ngomongake* kalebu patanya tanduk jalaran ana sajrone ukara pitakon. Ukara pitakon kasebut diwujudake arupa tembung *apa* ing dhata nganti kang nuduhake anane wedharing gagasan manungsa kang kepengin ngerti apa kang durung diweruhi. Ing kene uga bakal disuguhake tuladha patanya tanduk liyane kang nduweni maksud liyane. Gatekna tuladha ing ngisor iki.

- (8) Nyapo kok ngguyu, Mas? (RNB 8, JB 15 2011)

Tembung *ngguyu* ing dhata kasebut mujudake patanya tanduk jalaran ana sajrone ukara pitakon. Ukara pitakon kasebut dituduhake lumantar anane tembung *nyapo* kang nuduhake wedharing gagasan manungsa kang kepengin ngerti utawa nakonake sebab. Saliyane nakonake sebab, ukara pitakon uga digunakake kanggo nakonake wektu utawa mangsa. Gatekna tuladha ing ngisor iki.

- (9) Kapan kowe ngedusi anakmu? (RNB 20, JB 27 2012)

Tembung *ngedusi* ing dhata kasebut kalebu patanya tanduk amarga ana sajrone ukara pitakon. Ukara pitakon ing ndhuwur diwujudake lumantar anane tembung *kapan* kang gunane kanggo nakokake wektu/ wayah/ mangsa. Ing kene patanya tanduk uga disuguhake kanggo nakonake sawijine papan utawa panggonan. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (10) Bocah kae sekolah neng endi? (RNB 3, JB 10 2011)
- (11) Mlayu menyang endi? (RNB 9, JB 16 2011)
- (12) Tulus nemokake buku rekening bank iku ana ngendi? (RNB 16, JB 23 2012)

Tembung *sekolah*, *mlayu*, lan *nemokake* ing ndhuwur kalebu patanya tanduk amarga ana sajrone ukara pitakon. Ukara pitakon kasebut dituduhake lumantar anane tembung *neng endi*, *menyang endi*, lan ana *ngendi*, kang gunane kanggo nakokake sawijine papan utawa panggonan.

Ukara pitakon ora mung diwujudake kanthi anane tembung *apa*, *sapa*, *nyapo*, *kapan*, lan *endi*. Kadhangkala tanpa anane tembung-tembung kasebut sawijine ukara bisa diwastani yen ukara kasebut nuduhake sawijine pitakonan utawa nakokake sawijine bab. Coba gatekna tuladha ing ngisor iki.

- (13) Mengko Mas Miko rak ngancani kanca-kanca melekan ing kene ta? (RNB 2, JB 09 2011)
- (14) Kowe mau lak arep ngomongake bab njodhokne Anisah karo Pur kuwi ta? (RNB 3, JB 10 2011)
- (15) Bengi iki, Panjenengan ora ana jadwal motret? (RNB 28, JB 35 2012)

Tembung *ngancani*, *ngomongake*, lan *motret* mujudake patanya tanduk. Telung dhata kasebut ora nggunakake tembung *apa*, *sapa*, *nyapo*, *kapan*, utawa *endi*. Telung dhata kasebut bisa diwastani kalebu patanya tanduk jalaran ana tembung *rak lan ta* ing dhata (13) lan (14). Telung dhata kasebut nuduhake anane wedharing gagasan kang nakokake sawijine wangsulan *iya* utawa *ora*. Tuladha liyane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (16) Mbak Anisah durung teka ta? (RNB 21, JB 28 2012)
- (17) Panjenengan wis teka rumah sakit? (RNB 29, JB 36 2012)

Tembung *teka* (16) lan *teka* (17) mujudake patanya tanduk jalaran ana sajrone ukara pitakon. Kekarone nuduhake wedharing gagasan kang nakokake wis utawa durung kedadeyan sawijine prastawa. Ing rong dhata kasebut dibutuhake wangsulan *wis* utawa *durung* kanggo mangsuli pitakone pawongan kang dadi panutur.

### 3) Pangajak Tanduk

Pangajak tanduk yaiku tembung kriya tanduk kang ana sajrone ukara pangajak. Ukara pangajak iku padha wae karo ukara pakon, mung wae kang diprentah nduweni teges sajajar pangkate karo sing mrentah. Tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

- (1) Ayo budhal, Za! (RNB 15, JB 22 2012)
- (2) Ayo mulih! (RNB 19, JB 26 2012)

Tembung *budhal* lan *mulih* kalebu pangajak tanduk amarga ana sajrone ukara pangajak. Ukara pangajak ing ndhuwur diwujudake lumantar anane tembung *ayo* kang negesake ajakan marang wong kang diajak guneman.

### 4) Pangarep-arep Tanduk

Pangarep-arep tanduk yaiku tembung kriya tanduk kang ana sajrone ukara pangarep-arep.

- (1) Muga-muga mbak Anis nggawa mobile. (RNB 18, JB 25 2012)

Tembung *nggawa* ing ndhuwur kalebu pangarep-arep tanduk jalaran ana sajrone ukara pangarep-arep. Dhata kasebut diwastani ukara pangarep-arep jalaran diwujudake lumantar tembung *muga-muga*.

## D. PANUTUP

### 1. Dudutan

Saka panliten ngenani kriya tanduk sajrone cerbung “Rembulan Ndhuwur Blumbang” anggitane Narko Sodrun Budiman, bisa diweruhi wujud, guna, lan kalungguhane kriya tanduk. Dudutan kang bisa dijupuk saka asiling panliten iki yaiku kaya mangkene.

- 1) Wujude kriya tanduk bisa diperang dadi 7, yaiku lingga nganggo anuswara, {N-} + lingga, {N-} + lingga + {-i}, {N-} + lingga + {-ke}, lingga + {-a}, lingga + {-na}, lan {N-} + lingga + {-a}.
- 2) Guna kriya tanduk sajrone ukara yaiku minangka guna wasesa. Wasesa mujudake guna inti kang dadi punjere konstituen. Wasesa kasebut digunakake bebarengan klawan guna pandhamping liya, kayata jejer, lesan, geganep, utawa katrangan sajrone ukara.
- 3) Kalungguhan kriya tanduk sajrone ukara diperang dadi rong kelas, yaiku kelas utama lan kelas turunan. Ing kelas utama, kalungguhan kriya tanduk diperang dadi telu, yaiku tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, lan tanduk kekriya. Ing kelas turunan, kalungguhane kriya tanduk diperang dadi papat, ing antarane yaiku pakon tanduk, patanya tanduk, pangajak tanduk, lan pangarep-arep tanduk.

### 2. Pamrayoga

Panliten ngenani wujud, guna, lan kalungguhane kriya tanduk iki isih akeh kang durung ditliti kanthi cetha. Winatese sumber dhata kang digunakake kanggo nglumpukake dhata lan maneka werna bab kang kurang

liyane nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panliti sadhar, panliten iki isih akeh cacad lan kurange, mula panliten kriya tanduk iki isih bisa dirembakakake.

## KAPUSTAKAN

Adipitoyo, Sugeng. 1990. “Morfem {dak-}, {ko-}, {di-} dalam Tinjauan Morfosintaksis”. (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa.

Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaktis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.

Antunsuhono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Soejadi.

Arikunto, Suharsini. 2010. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Astoria, Widya Nur. 2009. “Ukara Tanduk tanpa Lesan”. (*Skripsi tidak diterbitkan*). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa.

Dardjowidjojo, Soenjono. 1987. *Linguistik: Teori & Terapan*. Jakarta: Arcan.

Djawani, Stephanus. 1984. “Morfosintaksis”, dalam *Widyawara No. 25*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Durasid, Durdje, lkk. 1986. *Morfosintaksis Bahasa Katingan*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Edi, Subroto D. 1994. *Konstruksi Verba Aktif-Pasif dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Herawati, dkk. 2004. *Pembentukan Kata dan Pemilihan Kata Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Bahasa.

Ismail, M. Ridwan. 1990. *Sistem Morfologi Verba Bahasa Kluet*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Keraf, Gorys. 1984. *Tata Bahasa Indonesia*. Ende-Flores: Nusa Indah.

Kridalaksana, Harimurti. 1986. “Perwujudan Fungsi dalam Struktur Bahasa” sajrone *Masyarakat Linguistik Indonesia*. No.7 Juni 1-14. Jakarta: Arcan.

M.S. Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Parera, Jos Daniel. 1990. *Morfologi*. Jakarta: PT Gramedia.

- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka.
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti.
- Poedjosoedarmo, Soepomo, lkk. 1979. *Morfologi Bahasa jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Kebon Sirih 46.
- , 1981. *Sistem Perulangan dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Purwadi, dkk. 2005. *Tata Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Media Abadi.
- Ramlan, M. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: C.V. Karyono.
- Ramlan, M. 1996. *Sintaksis*. Yogyakarta: C.V. Karyono.
- Robins, W. S. 1992. *Linguistik Umum: Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, Sri Satriya Catur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Subagyo. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa* (durung diterbitake).
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto. 1991. *Diatesis Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sumarlam. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa: Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta: Pustaka Cakra.
- Surono, dkk. 1987. *Frase Verba dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Suwadji, dkk. 1986. *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan bahasa.
- Tim. 2009. *Kamus Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Uhlenbeck, E. M. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Djambatan.
- Verhaar, J. W. M. 2010. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wedhwati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.

